



## AKADEMI KREYÒL AYISYEN (AKA)

### AVI REKRITMAN SEKRETÈ EGZEKITIF AKA

*Akademi Kreyòl Ayisyen* se yon Enstitisyon Leta endepandan. Misyon li se travay pou kore devlopman Lang Kreyòl la nan sosyete a epi defann Dwa lengwistik tout Ayisyen. Li fè tout moun konnen, li ap rekrite yon Pwofesyonèl pou pòs **Sekretè Egzekitif Akademi an**.

#### **Kalifikasyon Sekretè Egzekitif la:**

##### **Sekretè Egzekitif la dwe :**

- gen nasyonalite ayisyen (fi oswa gason) ;
- gen yon metriz nan yon domèn Syans sosyal ak yon lisans nan Lengwistik;  
Oswa yon metriz nan Lengwistik ak yon lisans nan yon domèn Syans sosyal ;  
(Yon doktora se yon diplis).
- gen kat (4) lane esperyans nan rechèch nan domèn syans sosyal ak lengwistik;
- gen senk (5) ane esperyans nan pòs direksyon ;
- gen bon konpetans nan enfòmasyon (Prensipal lojisyèl pou Biwo) ;
- demontre kapasite ak enterè li genyen pou lang kreyòl ;
- montre kapasite li nan lang franse, konnen lang anglè oswa panyòl (se yon avantaj);
- disponib pou patisipe nan misyon an pwovens ak aletranje.

Pou kandida a jwenn enfòmasyon sou deskripsyon travay Sekretè egzekitif la, li dwe vizite sit Akademi an : <http://www.akademikreyol.net> Pou plis enfòmasyon, telefòn:

**3333-0815 / 3333-0816 / 4363-6666** oswa ekri [enfomasyon@akademikreyol.net](mailto:enfomasyon@akademikreyol.net)

**Dat limit pou kandida a depoze dosye li byen kachte, se 24 novanm 2023** (CV, kopi diplòm, atestasyon, lèt motivasyon, foto ak pyès idantite) nan biwo AKA : 20, Avni Lamartinière, Bwa Vèna ) epi transfere tout dokiman yo eskane sou imel [egzekitif.aka@akademikreyol.net](mailto:egzekitif.aka@akademikreyol.net)

## Deskripsyon travay ak responsablite Sekretè Egzekitif la

**Tit pòs la :** Sekretè Egzekitif AKA

**Enstans ki sou tèt li :** Konsèy Administrasyon Akademi Kreyòl Ayisyen

(Prezidan Administrasyon an se Òdonatè Akademi an)

*Sekretè Egzekitif Akademi an gen reponsablite jesyon Sekretarya Egzekitif la ak sipèvizyon direksyon yo nan Akademi an. Sekretè Egzekitif la (SE) se fonksyonè Leta ayisyen ki la pou asire jesyon estratejik ak administratif Akademi an, an pèmanans. Li ap reyalize travay Akademi an dapre Dekrè sou Fonksyon Piblik la, Lwa kreyasyon Akademi an, Regleman entèn Akademi an, rezolisyon ki soti nan Konsèy Administrasyon Akademi an.*

### Deskripsyon Travay Sekretè Egzekitif la

- Asire jesyon ak bonjan fonksyonman Akademi Kreyòl Ayisyen an ;
- Planifye, Kowòdone, sipèvize tout aktivite Akademi an ;
- Ankadre epi ankouraje tout seksyon ki ap travay nan Akademi Kreyòl Ayisyen;
- Fasilite tout aktivite pwojè Akademi Kreyòl Ayisyen an;
- Asire aplikasyon rezolisyon ak desizyon Konsèy Administrasyon an;
- Tabli rapò ak lòt Enstitisyon, Leta tankou prive lè sa nesèsè;
- Reprezante Akademi an nan lòt peyi lè sa nesèsè ;
- Òganize epi anime rankont estatitè Enstitisyon an ;
- Bay dizon li sou tout sa ki ap fèt nan Akademi an : plan, pwogram, pwojè ;
- Patisipe nan reyinyon Konsèy Administrasyon an, men li pa gen dwa vote;
- Reprezante Akademi an devan Lajstis ;
- Fè nominasyon pèsonèl Akademi ;
- Reyalize tout lòt travay ki gen rapò ak aktivite Akademi an.
- Prezante plan travay anyèl li ak Rapò bilan anyèl Sekretarya a nan Asanble jeneral

### Kalite Sekretè Egzekitif la dwe genyen:

- dispozisyon pou li respèkte prensip administratif ak etik pwofesyonèl ;
- kapasite pou li kominike epi pou li devlope bon relasyon ak moun ;
- sans responsablite ; espri kreyatif ; espri inisyatif ;
- disponiblite pou li patisipe nan aktivite ki ap fèt an deyò lè biwo ;
- disponiblite pou li patisipe nan misyon ki ap fèt an deyò Pòtoprens ;
- kapasite pou li travay nan plizyè domèn (polivalan) ;
- anpil rigè nan travay li, pou li renmen epi egziye travay ki byen fèt.